



Pou Piblikasyon Imedya: 09/16/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU LANMÒ CAREY GABAY

“Se avèk anpil tristès ke nou aprann lanmò Carey Gabay.

“Carey se te enkanasyon yon sèvant piblik eksepsyonèl. Li te kenbe yon angajman fòmidad nan kominote l, e li te chwazi pou itilize anpil talan ke li te genyen pou amelyore lavi lòt moun. New York se san diskisyon yon pi bon kote jodia akòz sèvis li. Li te egalman yon zanmi ak yon wòl modèl pou anpil moun ki te gen chans pou konnen l, e nou pral sonje l anpil.

“Jodia, Eta New York te pèdi youn pami jèn gason ki pi rafine li yo.

“Mwen remèsye doktè, enfimyè ak pwofesyonèl medikal yo ki te fè tout sa yo te kapab pou bay Carey swen. Mwen rekonesan anpil tou pou gason ak fi yo nan NYPD ki te kanpe la ap veye sou Carey ak fanmi l chak jou depi evènman fizyad la.

“Mwen mande tout Nouyòkè yo pou yo rejwenn ansanm avèk mwen pou kenbe fanmi Carey nan panse ak priyè nou – espesyalman madanm li Trenelle Gabay, manman l ak bopè l Audrey ak Rupert McNaughton, sè li yo Crystal Gabay Nurse ak Stephanie Gabay Smith, frè li Aaron McNaughton, ansanm avèk bèlmè l Rosemarrie Campbell. Okenn moun pa ta dwe ap eksperimante doulè pou pèdi yon moun ke yo renmen akòz de vyolans zam o-aza, e nap senpatize avèk fanmi l pa lapriyè ak nan panse nou pandan moman sa ki difisil anpil.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418